# QARAQALPAQSTANDA SIMFONIYALIQ ORKESTRDIŃ RAWAJLANIW TARIYXI

**Aliaskarov Temur Dauranbekovich**
**Ózbekstan mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı "Saz atqarıwshılıǵı" kafedrası "Demli hám urma sazlar" qánigeligi 3-kurs studenti**
**temuraliaskarov@gmail.com**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.21931723**

**Annotaciya**: Bul maqalada Qaraqalpaqstanda simfoniyalıq orkestr atqarıwshılıǵınıń qáliplesiwı hám rawajlanıwı haqqında sóz etiledi. Akademiyalıq muzıka dástúriniń tarqalıwınıń tariyxıy-mádeniy tiykarları, professional muzıka bilimlendiriwiniń rawajlanıwı, orkestr jámáátleriniń qáliplesiwi, tarlı hám demli atqarıwshılıq boyınsha qánigelerdiń tayarlanıwı talqılanadı. Akademiyalıq hám milliy muzıka dástúrleriniń óz-ara tásiri, jas sazendelerdi professional tárbiyalawda orkestr ámeliyatınıń áhmiyetine ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Ayırım jámáátler tariyxın bunnan bılay da arxiv tiykarında úyreniw zárúrligi ayrıqsha atap ótilgen.

**Gilt sózler:** Qaraqalpaqstan, simfoniyalıq orkestr, orkestr atqarıwshılıǵı, akademiyalıq muzıka, muzıka bilimlendiriwi, milliy muzıka, professional kórkem óner.

**Аннотация**: В данной статье рассматривается становление и развитие симфонического оркестрового исполнительства в Каракалпакстане. Проанализированы историко-культурные основы распространения традиций академической музыки, развитие профессионального музыкального образования, формирование оркестровых коллективов, подготовка специалистов по струнному и духовому исполнительству. Особое внимание уделяется взаимодействию академических и национальных музыкальных традиций, а также важности оркестровой практики в профессиональном воспитании молодых музыкантов. Особо подчеркнута необходимость дальнейшего изучения истории некоторых общин на архивной основе.

**Ключевые слова:** Каракалпакстан, симфонический оркестр, оркестровое исполнительство, академическая музыка, музыкальное образование, национальная музыка, профессиональное искусство.

**Annotation**: This article discusses the formation and development of symphony orchestra performance in Karakalpakstan. The historical and cultural foundations of the spread of the academic music tradition, the development of professional music education, the formation of orchestral groups, and the training of specialists in string and wind performance are analyzed. Special attention is being paid to the interaction of academic and national musical traditions, the importance of orchestral practice in the professional education of young musicians. The necessity of further studying the history of some communities based on archival materials has been specifically emphasized.

**Keywords**: Karakalpakstan, symphony orchestra, orchestral performance, academic music, music education, national music, professional art.

Qaraqalpaq professional muzıka kórkem óneriniń tariyxı mádeniy rawajlanıwdıń áhmiyetli bólegi bolıp esaplanadı. XX ásir dawamında bul jerde akademiyalıq muzıkalı bilimlendiriw, koncert dástúrleri hám professional atqarıwshılıq sisteması áste-aqırın qáliplesti. Bul processtiń áhmiyetli baǵdarlarınan biri orkestr mádeniyatın rawajlandırıw boldı.

Evropa muzıka ásbaplarınıń payda bolıwı, nota sistemasınıń tarqalıwı, muzıka oqıw orınları hám atqarıwshı jámáátlerdiń dúziliwi simfoniyalıq kórkem ónerdi ózlestiriw ushın zárúr shárayat jarattı. Akademiyalıq atqarıwshılıq formaları tarqalǵansha Qaraqalpaqstannıń muzıkalıq mádeniyatı, tiykarınan awızeki dástúr sheńberinde rawajlanǵan. Muzıkalıq miyrastıń eń áhmiyetli iyeleri baqsılar, qosıqshılar hám sazendeler bolǵan. Ásirese, epikalıq kórkem óner ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, onda muzıka, shayırlıq sóz hám atqarıwshılıq sheberligi bir pútin kórkem ónerdi quraǵan.

Nókis qalası muzıka kórkem ónerin professionallastırıw procesinde oraylıq orındı iyelegen. Qalanıń hákimshilik hám mádeniy oray sıpatında rawajlanıwı bilimlendiriw hám koncert orınlarınıń toplanıwına xızmet etti. Professional muzıka bilimlendiriwin rawajlandırıw ayrıqsha áhmiyetke iye boldı. Tarlı, úplep shertiletuǵın hám klavishli saz ásbapların shertiwdi úyreniw ansambl hám orkestrlerge tiykar salǵan. Oqıwshılar tek ǵana individual usıllardı emes, bálkim muzıkalıq-teoriyalıq cikl, ansambl hám orkestr atqarıwshılıǵı pánlerin de ózlestirdi.

Qaraqalpaqstanda birinshi ret muzıka uchilishesi (bilim jurtı) 1935-jılı sol waqıtları respublikamızdıń paytaxtı bolıp turǵan Tórkúl qalasında ashılǵan. Oǵan Moskva konservatoriyasın pitkergen jas kompozitor Viktor Shafrannikov, violonchelist Nikolay Ilyich Yagodinler kelip sabaq bergen. Biraq, onda oqıytuǵın nota sawatına iye jaslar bolmaǵanlıqtan uchilishe 1937-jılı jabılıp, balalar muzıka mektebi bolıp qalǵan. Ómir boyı teatrda islegen skripkashı sazende, Qaraqalpaqstanǵa xızmet kórsetken artist Kamal aǵa Mendibayev, Tashkent konservatoriyasınıń professorı, bir neshe Xalıqaralıq jarıslardıń jeńimpazı bolǵan jerlesimiz violonchelist Ilyas Ibragimov, kórkem óner izertlew ilimleriniń kandidatı, muzıka sınshısı Tájigúl Adambaevalar dáslep sol Tórkúldegi muzıka mektebinde oqıp notalıq sawatın ashqan.

Qaraqalpaqstanda muzıka kórkem óneri boyınsha professional jámáátiń qáliplesiwinde Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrında saxnalastırılǵan muzıkalı drama spektaklleriniń ornı ayrıqsha boldı. Muzıkalı dramalar ushın kishi quramdaǵı unison atqaratuǵın sazendeler muzıkalı dramalardı, koncert baǵdarlamaların atqarıw ushın úlken wázıypanı atqarıp, nota menen shertetuǵın sazendeler orkestrde xızmet etken. Sol dáwirlerde qánigeli sazendeler az bolıwına qaramastan dúnya klassik saz aspabları skripka, violenchel, klarnet, truba, trombonlarda atqaratuǵın sazendeler teatrda jumıs islegen. Olardan: Palwaniyaz Ábdijamilov, Jumamurat Yangibaev, Kamal Meńdibaev, Alım Abdullaev, Qurbanbay Esjanov, Lyusya Broxman, Tursımurat Utemuratov, Qurbanbay Nametullaev, Maxset Kópjasarov, Allamurat Qoshımbetov, Qalbay Tólegenov, Viktor Maryuxin, Nikolay Murmancev, Baxtiyar Orazbaev, Zamir Allambergenov, Urazbaev Baxtiyar, Aleksandr Losevskiy hám basqada sazendeler usı orkestrde nota menen saz shertken.

Teatr repertuarında orkestr menen atqarılatuǵın "Alpamıs", "Jaylawda toy", "Jalınlar", "Kóklen batır", "Qádirdan doktor", "Súymegenge súykenbe", "Aygúl-Abat" hám taǵı basqada muzıkalı drama spektaklleri tamashagóylerdiń názerine usınılǵan. Teatrdıń simfoniyalıq orkestrin belgili dirijyorlar Alimjan Xalimov, Ábdireyim Sultanov, Saparbay Palvanovlar basqarıp birqansha spektakllerdiń saxnalastırılıwına óz úleslerin qosqan.

1955-jıldıń sentyabr ayınıń ortalarında Tashkentten R.M. Kariev basshılıǵında kompozitorlar A. Kozlovskiy, M. Nasimov, rejissyor A.O. Ginzburg, teatr xudojnigi M. Musaev, baletmeyster E. Petrosova hám basqa da qánigeler kelip Qaraqalpaqstan kórkem óneri hám ádebiyatınıń Tashkentte on kúnligin ótkeriw boyınsha teatrda respublika basshılarınıń

qatnasıwında úlken májilis ótkerildi. On kúnliktiń waqtı 1956-jıldıń aqırına taman dep belgilendi. Jıynalısta teatr “Alpamıs” spektaklin opera, “Qırıq qız” spektaklin balet sıpatında kórsetsin dep usınıs etkenler de boldı.

Solay etip teatr repertuarında “Ǵarip ashıq” muzıkalı draması, “Súymegenge súykenbe” muzıkalı komediyası, rus klassikas’ hám zamanagóy temalardaǵı spektaklerin kórsetiwge, on kúnliktiń saltanatlı ashılıw hám jabılıw máresimlerinde teatr, filormoniya hám kórkem háweskerlerdiń birlesken kúshi menen eki koncert baǵdarlamasın tayarlawǵa uyǵarıldı.

On kúnlikke tayarlıq barısında kórkem háweskerlerdi tartıw jolı menen teatrdıń xor, oyınshılar hám sazendeler toparına biraz talantlı jaslar, sonıń ishinde sazendelerden Jumamurat Yangibayev, Allayar Saburov, Alım Abdullaev, Rajapbay Yuldashevlar qosıldı. Teatrdıń hár bir artisti xorǵa da, oyınǵa da qatnasa beretuǵın edi. On kúnlik Tashkent qalasında 1957 jıldıń 24-yanvar hám 2-fevral aralıǵında tabıslı ótti. Onıń juwmaǵı boyınsha Ózbekstannıń jetekshi qánigeleriniń qatnasıwında

Qaraqalpaqstan hám Ózbekstan húkimeti basshılarınıń qollap-quwatlawında 1960-jılı Nókiste muzıka bilim jurtı ashılıp, Amaniyaz Júzimbetov direktor etip tayınlaǵan. Dáslepki oqıw jıldıń 47 oqıwshı menen baslaǵan bolsa, kelesi oqıw jılında 73 oqıwshı qabıl etildi. Oqıwshılardıń basım kópshiligi simfoniyalıq orkestrge beyim qánigeler edi. Bilim jurtında Tashkent konservatoriyasınıń pitkeriwshileri A. Sultanov, T. Adambaeva, K .Ótegenov, A. Xalimov, sonday-aq jas qánigeler N. Muxammeddinov, K .Abdullaev, K. Nametullaevlar sabaq berdi. Sońınan xoreografiya hám súwretlew bólimleri de qosılıp, Nókis kórkem óner bilim jurtına aylandı. Filarmoniyada xalıq sazları orkestri dúzilip, teatrda sazendeler toparı kóbeyip simfoniyalıq baǵdardaǵı ásbaplar menen tolıqtırıldı.

1963 hám 1969-jılları Tashkentte ótkerilgen Qaraqalpaqstan kórkem óneri hám ádebiyatınıń háptelikleri, Qaraqalpaqstannıń Xorezm (1968 j.) hám Qızıl-Orda (1978 j.) wálayatlarında ótkerilgen mádeniyat kúnlerinde arnawlı simfoniyalıq orkestr bolmaǵanı menen teatr, filarmoniya, muzıka bilim jurtındaǵı sazendelerden jámlengen orkestr bul juwapkerli ilajlardı inabatlı dárejede atqarıp shıqtı. Olardı birlestirip shólkemlestiriw hám qánigelik penen basqarıwda Leningrad (házirgi Sankt-Peterburg) konservatoriyasın pitkerip kelgen jas jerlesimiz, talantlı dirijyor Saparbay Palvanovtıń pidákerlik xızmetlerin ayrıqsha atap ótkenimiz orınlı. Qaraqalpaq mámleketlik muzıkalı teatrında usı quramalı simfoniyalıq orkestrdiń kúshi menen 1974-jılı N. Muxammeddinovtıń “Ájiniyaz” operasınıń birinshi akti tabıslı saxnalastırıldı.

Juwmaqlap aytqanda muzıka oqıw orınlarınıń rawajlanıwı tarlı hám úplep shertiletuǵın saz ásbaplarında atqarıwshılardı tayarlawdı támiyinledi, teatr hám koncert shólkemleriniń jumısı bolsa alınǵan kásiplik kónlikpelerdi ámeliyatta qollanıw ushın sharayat jarattı. Jáhán akademiyalıq dástúri hám milliy muzıka miyrasınıń óz-ara tásirine tiykarlanǵan orkestr mádeniyatınıń qáliplesiwi úlken nátiyje boldı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Адамбаева Т. Қарақалпақ совет музыкасының тарийхынан. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1985.
2. Ayımbetov Q. Xalıq danalıǵı. Nókis «Qaraqalpaqstan» 1988.
3. Adambaeva T. Revolyuciyaǵa shekemgi qaraqalpaq muzikası. «Qaraqalpaqstan» Nókis 1976.

4. Qaraqalpaq folklorı V-tom. «Qaraqalpaqstan» 1988.
5. Maqsetov Q. Dástanlar jirawlar baqsılar. Nókis «Qaraqalpaqstan» 1992.